

Fè yon travay ki gen yon misyon

VIL OU. MISYON OU. AVNI OU.

Nou wè yon pi bèl demen pou Philadelphia. Si ou wè li tou: nou gen travay pou ou!

Imajine ou genyen yon pil bèl avantaj ak privilèj pou chak etap nan lavi ou. Imajine ou genyen opòtinite pou avansman ak yon pi bon balans ant lavi pwofesyonèl ou ak lavi pèsonèl ou. Sa ki pi bèl la, nou ofri yon espas travay kote jefò ou gen yon enpak. Ak yon kote nou wè tout moun, nou konn valè tout moun.

“Ansanm, n ap kreye yon avni pou Philly ki gen plis sekirite, ki pi pwòp, ak ki pi ekolojik pou tout moun... N ap chèche moun ki anvi wè sa Philly kapab ye. Si moun sa a se ou menm epi ou vle tan ou, talan ou ak enèji ou vrèman reprezante yon bagay, vin travay ak nou.”

— Majistra Cherelle L. Parker



Tande kisa sa vle di fè yon travay ki gen yon objektif

“Mwen renmen Philly anpil. Mwen renmen travay pou vil mwen. Li fè m santi yon gwo fyète ak yon santiman akonplisman.” – Jose N.

“Te gen yon bagay lè w ap travay pou vil la ki te atire atansyon m. Li vrèman gen yon siyifikasyon ak enpak.” – Jillian W.

“Mwen pa janm fè eksperyans kote m ap travay yon kote epi renmen moun yo a konsa.” – Monique S.

“Lè ou gen tout moun sa yo ki ap travay pou yon pi gwo kòz, sa ba w anvi patisipe tou.” – Sara R.

“Pou mwen, se avantaj yo— swen prevantif pral ede w ekonomize lajan alontèm. Anpil nan avantaj yo plis pase swen sante regilye. Mwen panse se sa ki te pi gwo bagay ki konvenk mwen.” – Liana M.

Konprann demach pou aplikasyon an

Demach pou aplikasyon nou an ka varye selon pozisyon ak depatman an. Nan kèk ka, li ka pran jiska twa (3) mwa pou ale nan pwochen etap la (menm jan ak nan sektè prive a.) N ap travay di pou fè demach ale pi vit ak pi byen, tankou plis fason pou chèche pozisyon ki disponib, mwens tan pou jwenn repons ak lòt bagay pou fè na plas egzamen yo.



OU SOUMÈT APLIKASYON OU ANLIY.



NOU EVALYE CHAK APLIKASYON.



KÈK POZISYON GEN TÈS KI GEN RAPÒ AK TRAVAY LA.



RESPONSAB K AP PRAN MOUN POU TRAVAY YO CHWAZI KANDIDA YO POU PASE ENTÈVYOU.



NOU FÈ YON PWOPPOZISYON TRAVAY.



SI OU AKSEpte PWOPPOZISYON AN, NOU FÈ YON VERIFIKASYON DOSYE KRIMINÈL.



OU BON!



City of Philadelphia

One Philly. For All.

ALE SOU **WORK.PHLA.GOV**